

**PANGARUH PANGGUNAAN HANDPHONE (GADGET) KANA HASIL  
DIAJAR MURID KELAS V SAKOLA DASAR**

**(Panalungtikan Deskriptif Kuantitatif Kanggo Murid Kelas V SDN sa-Desa  
Pangauban Kecamatan Katapang Kabupaten Bandung)**

**Ku**

**Muti'a Syifa Nurulhidayah  
155060198**

**ABSTRAK**

*Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nganyahokeun sabaraha gede pangaruh panggunaan handphone (gadget) kana hasil diajar murid kelas V. Panalungtikan ieu ngagunakeun cara kuantitatif sajani survei cara meunangkeun conto panalungtikan ngagunakeun purposive sampling sabab teu sakabeh anggota tina populasi miboga kaseumpeutan nu sarua pikeun dijadikeun conto. Alat panalungtikan nu digunakeun mangrupa kuesioner, tanya jawab jeung dokumentasi. Panalungtikan ieu aya kasangtukangna ku kaayaan ayana alat digital anu geude pian pangaruhna kana positif jeung negatifna. Dina telepon ayana internet mindeung disebut lautan informasi jumlah informasi nu sadia oge loba pisan, ngagunakeun hiji keucap nu jadi konci bakal timbul rupa-rupa informasi, dugi ngamangaruhan kana hasil diajar murid. Dumasar kana hasil panalungtikan mibanda hasil pangujian uji normalitas meunang nilai anu signifikansi  $0,327 > 0,05$  jadi bisa dicindeukeun yen nilai residual miboga distribusi normal hasil pangujian linearitas data dipibanda hasil signifikansi  $0,248 > 0,05$ , dumasar kana data eta bisa dicindeukeun jeung ayana hubungan linier anu signifikan antara panggunaan handphone (gadget) kana hasil diajar, hasil regresi nandakeun hasil signifikansi  $0,00 < 0,05$  hartina aya pangaruh ditingal dina tabel R square sagede 18,5% jeung nilai R korelasi sagede 0,430 patali nu di pibanda antara panggunaan telepon kana hasil diajar sagede 66,793, koefisien regresi X sagede 0,178 ngabuktikeun yen satiap panambahan 1% nilai handphone (gadget) jadi nilai hasil diajar nambah sagede 0,178. Kasindekan tina hasil panalungtikan ieu nyaeta aya pangaruh panggunaan handphone (gadget) kana hasil diajar sagede 18,5% sesana dipangaruhan ku faktor anu lain. Dugi  $H_a$  ditarima sareng  $H_o$  ditolak dugi bisa dicindeukeun aya pangaruh positif panggunaan telepon kana hasil diajar murid kelas V Sakola Dasar sa-Desa Pangauban Kecamatan Katapang Kabupaten Bandung.*

**Kecap Pamageh : Panggunaan handphone (Gadget), Hasil diajar.**